**दिन—बुधवार** **दिनांक—29.01.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

प्रयागराजक महाकुंभ में मौनी अमावस्याक अवसर पर एखन धरि लगभग चारि करोड़ सँ बेसी श्रद्धालु संगम मे पवित्र डुम्मी लेलनि अछि। पवित्र स्नानक बाद श्रद्धालु घाट सभ पर अनुष्ठान आ पूजा—अर्चना कऽ रहल छथि। एखनहुं लाखो श्रद्धालु ओतऽ पहुंचि रहलाह अछि। मेला प्रशासन श्रद्धालु सभ सँ स्नानक बाद अपन सेक्टर या जोन पर लौटबाक आग्रह कयलनि अछि। एम्हर, सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल अर्धसैनिक बल सहित पचास हजार सँ बेसी पुलिसकर्मी सभ के तैनात कयल गेल। उत्तरप्रदेश पुलिस श्रद्धालु सभ सँ अफवाह सभ पर ध्यान नहिं देबाक आग्रह कयलक अछि।

——————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू कहलनि जे प्रयागराजक महाकुंभ मे भगदड़क घटना अत्यंत दुःखद अछि। राष्ट्रपति सोशल मीडिया पर अपन पोस्ट मे दुर्घटना मे जान गमबयवला श्रद्धालु सभक परिजनक प्रति संवेदना जतौलनि अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे प्रयागराज महाकुंभ मे भेल हादसा बहुतहि दुःखद अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ जनौलनि जे एहि दुर्घटना मे जे श्रद्धालु अपन परिजन सभ के गमौलनि अछि हुनक प्रति हुनक असीम संवेदना अछि। ओ घायल श्रद्धालु लोकनि के शीघ्र स्वस्थ होयबाक कामना कयलनि। केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह जनौलनि जे महाकुंभ मे भेल एहि दुःखद दुर्घटना पर हुनका अत्यंत दुःख अछि।

——————————————————————

रेलवे सोशल मीडिया पर चलि रहल ओहि अफवाह सभक खंडन कएलक जाहि मे कहल जा रहल अछि जे महाकुंभक लेल किछु विशेष ट्रेन रद्द कऽ देल गेल अछि। आकाशवाणी समाचार सँ गपशप करैत रेलवे बोर्ड सूचना एवं प्रसारक कार्यकारी निदेशक दिलीप कुमार एहि खबरि सभ के पूरा तरहें निराधार आ भ्रामक जनौलनि।

———————————————————————————————

मौनी अमावस्याक अवसर पर राज्यक विभिन्न भाग मे श्रद्धालु गंगा आ आन पवित्र नदी सभ मे स्नान आ दान–पुण्य कयलनि। एहि अवसर पर बेगूसरायक सिमरिया गंगाधाम, बक्सरक रामरेखा घाट, भागलपुरक सुल्तानगंज, मुंगेरक कष्टहरनी घाट, सारणक कनहारा घाट आ पटना मे गंगा नदीक विभिन्न घाट सभ पर श्रद्धालु लोकनिक भारी भीड़ रहल। एम्हर, पश्चिम चंपारणक वाल्मीकिनगर मे पवित्र त्रिवेणी संगम पर सेहो श्रद्धालु पैघ संख्या मे आस्थाक डूम्मी लगौलनि।

———————————————————————————————

वक्फ संशोधन विधेयक दू हजार चौबीस पर संसदक संयुक्त समिति आइ मसौदा रिपोर्ट के स्वीकार कऽ लेलक अछि। जेपीसीक अध्यक्ष जगदंबिका पाल नव दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे समितिक रिपोर्ट काल्हि लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला के सौंपि देल जायत। श्री पाल जनौलनि जे जेपीसी विधेयक सँ संबंधित चौदह खंड पर संशोधन के स्वीकार कयलक अछि। वक्फ संशोधन विधेयक दू हजार चौबीसक उद्देश्य देशभरि मे वक्फ संपत्ति सभक प्रबंधन आ विनियमन मे सुधार करब अछि।

———————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ प्रगति यात्राक दरमियान कटिहार मे लगभग एक सय छियासठि करोड़ टाकाक लागतिवला एक सय पैंतालीस योजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। मुख्यमंत्री जीविका दीदी सभक संग संवाद कयलनि। श्री कुमार मनिहारी स्थित गोगाबिल झीलक हवाई सर्वेक्षण कऽ जायजा लेलनि।

———————————————————————————————

दिनभरि नीक रौदक कारण प्रदेशक विभिन्न भाग मे ठंढ़ा मे कमी दर्ज कयल गेल। यद्यपि राज्यक उत्तर–पश्चिम, दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग मे कतेको ठाम न्यूनतम तापमान एखनहुं दस डिग्री सेल्सियस सँ नीचा बनल अछि। ओतहि, हिमालयक तराईवला क्षेत्र मे भोरक काल मध्यम सँ घनगर कुहेस लागल रहल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला चारि दिन धरि मौसम मे कोनो पैघ परिवर्तनक संभावना नहिं अछि।

एकर बाद प्रदेशक विभिन्न भागक तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियसक वृद्धि भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

पश्चिम चंपारण जिला मुख्यालय बेतिया मे महापौर गरिमा देवी सिकारिया के अध्यक्षता मे नगर निगम बोर्डक बैसक भेल। बैसक मे ऐतिहासिक कालीबाग मंदिरक जीर्णोंद्धार सहित कतेको प्रस्ताव पर सहमति बनल।

———————————————————————————

मुंगेरक जमालपुर मे रेल निर्माण संघर्ष मोर्चा सँ जुड़ल कर्मी सभ जमालपुर–भागलपुर रेलखंड पर प्रदर्शन कयलनि। एहि कारणे लोकमान्य तिलक आ इंटरसिटी एक्सप्रेस सहित कतेको गाड़ीक परिचालन किछु कालक लेल प्रभावित भेल।

———————————————————————————

सुपौल  सदर प्रखंडक कर्णपुर न्यू पुलिस लाइन लऽग राष्ट्रीय राजमार्ग संख्या तीन सय सत्ताईस पर वाहन चेकिंग के दरमियान पुलिस एक वाहन सँ भारी मात्रा मे गांजाक संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त